



Pou Piblikasyon Imedya: 12/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

ICYMI (NAN KA KE OU TE RATE LI): PWOPOZISYON GOUVÈNÈ CUOMO POU ETA LETA 2017 LA

*Nan 9 Jou ki SotPpase yo, Yo Prezante 35 Pwopozisyon ki Mete Aksan sou Pati
Enpòtan nan Pwogram 2017 Gouvènè a*

Liv Eta Leta 2017 la Disponib [Isit La](#)

Pwogram 2017 Gouvènè a se yon seri pwopozisyon konplè e plen aplon pou pote kwasans ekonomik, rann klas mwayèn nan pi djanm, ranfòse enfrastrikti enpòtan leta a, e kreye yon anviwònman pou lareyisit. Pwogram sa a pwal pèmèt New York kontinye gen repitasyon kòm yon lidè nasyonal pou avansman ak sovga valè pwogresiv ak jistis sosyal e asire ke tout moun jwenn opòtinite.

“New York konnen ke prensip pwogresiv nou yo, ki se akseptasyon ak divèsite, se pa lènmi klas mwayèn nou an yo ye; e nou konnen ke siksè klas mwayèn nan se pa lènmi ide pwogresiv nou yo. Anfèt, pou kòmanse, se politik pwogresiv nou yo ki te kreye klas mwayèn nan,” **Gouvènè Cuomo di.** “Ane sa a, New York pwal met sou pye yon nouvo pwogram ekonomik pou klas mwayèn nan e drese yon pwogram ki rele Promès New York (New York Promise) pou pwoteje e fè avanse valè pwogresiv ak pwensip jistis sosyal nou yo.”

PWOPOZISYON 1: Fè eskolarite nan tout kolèj dezan ou katran SUNY ak CUNY vin gratis pou fanmi klas mwayèn New York. Bous “Excelsior” (Excelsior Scholarship) la se yon pwogram san parèy nan nasyon an. L ap bay moun yon souf avèk dèt lekòl, e l ap pèmèt plizyè milye jèn etidyan entelijan reyalize rèv yo genyen pou fini lekòl siperyè.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 2: Transfòme Ayewopò Entènasyonal JFK a an yon ayewopò ki ekipe pou kapab reponn a demann 21^{yèm} syèk yo epi ki merite Eta New York. Vizyon sa a ap mete sou pye yon plan konplè pou tout ayewopò a, ki pou fè l tounen yon ayewopò de klas mondyal ki byen kowòdone, pou pran an kont kwasans espektakilè y ap atann nan ayewopò a nan ane k ap vini yo epi pou pouse ekonomi New York la pi devan.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 3: Kreyen yon nouvo Kredi Enpo Swen Timoun Klas Mwayèn Amelyore (Enhanced Middle Class Child Care Tax Credit) ki pral ede plis pase 200,000 fanmi klas mwayèn yo fè swen timoun yo vin a pri ki pi abòdab. Pou anpil fanmi yo, aksè limite a pwogram sa yo kapab fòse paran yo chwazi ant bay aranjman swen timoun ak bon jan kalite, ki sezirize ak travay.

W'ap jwenn plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 4: Pwoteje moun New York, ansanm ak òganism gouvènman yo, kont atak sibènètik k ap menase pi rèd. Seri mezi sa yo enkli ranfòsman ak modènizasyon lwa kont atak enfòmètik ak vòl idantite yo, menm jan ak kreyasyon yon nouvo Ekip Repons Ensidan Enfòmètik (Cyber Incident Response Team) ki pou bay sipò sekirite enfòmètik pou antite leta yo, gouvènman lokal yo, enfrastrikti enpòtan yo ak lekòl yo.

W'ap jwenn plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 5: Pwoteje sitwayen New York ki ti granmoun kont esplwatasyon finansyè ak sezi kay. Plan an gen ladan mizsouple yon Pwogram Sètifikasyon sou Abi Ti Granmoun nan (Elder Abuse Certification Program) tout bank New York, chanje senten lwa bankè pou pèmèt bank yo mete sou stannbay tout tranzasyon ki parèt malonèt, epi ranfòse lwa ki pou pwoteje ti granmoun ki gen kay kont prè ipotekè envèse.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 6: Pwoteje konsomatè yo pi plis kont movèz konduit ak tout kalite manti nan endistri sèvis finansye an. Pou sa, yo dwe otorize Sipèntandan Sèvis Finansye eta a (State Superintendent of Financial Services) pou li mete deyò moun ki mal aji nan endistri bankè ak endistri finans, tankou paregzanp moun ki gen konpòtman yo te dekouvri nan eskandal Wells Fargo a.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 7: Kontinye ankadre efò New York ap fè pou anpeche vòl salè anplwaye. Pou sa, yo dwe rann 10 manm ki nan tèt sosyete-ak-responsabilite-limite ki andeyò eta a responsab pèsonèlman e finansyèman lè gen salè ki pa peye. Epitou, Gouvènè a pwal met sou pye lwa ki pou bay Komisyonè Travay la otorite pou li pran ka tout responsabilite nan kad salè yo dirèkteman, onon travayè ki fè reklamasyon poutèt yo pa peye yo. Lè yo mete tout mezi sa yo ansanm, sa va mete plis lajan nan men moun New York ki travay di e ki merite sa.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 8: Pwomouvwa itilizasyon veyikil elektrik nan New York grasa konstriksyon 500 nouvo estasyon rechaj batri nan lye travay yo ak 69 nouvo estasyon rechaj batri sou tout Thruway a. Kreyasyon yon rezo estasyon rechaj veyikil elektrik yo ki laj se eleman kle pou ogmante adopsyon veyikil elektrik zewo emisyon yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 9: Lanse Pwojè Demokrasi a (Democracy Project) pou modènize sistèm vòt New York la. Aksyon sa a t ap pèmèt moun vote pi bonè, epi li t ap adopte enskripsyon otomatik elektè yo e ensripsyon elektè yo menm jou an, pou amelyore sèvis enskripsyon elektè yo, retire baryè ki pa nesèsè e ki anpeche moun patisipe nan eleksyon, e ogmante egzaktitid pwosesis vòt la.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 10: Fenmen Sant Enèji Indian Point (Indian Point Energy Center) disi avril 2021. Ansyen santral elektrik nikleyè 2,000 megawat lan, ki lokalize a 40 kilomèt nan zòn nò Vil New York, li te prezante divès menas pou sekirite plis pase 20 milyon abitan ak sante anviwònmanal zòn lan. Eta a pral kontinye siveye Entergy de prè pou kapab asire ke sekirite piblik, epi redwi risk sekirite ki asosye ak izin lan, ki enkli pou konsèvasyon kabiran nikleyè ki ize yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 11: Envesti 650 Milyon Dola pou Alimante Kwasans yon Gwoup Syans Lavi Klas Mondyal nan New York. L eta a ap founi 17 milyon dola finansman kapital pou lanse JLABS @ NYC – yon kolaborasyon ant Johnson & Johnson Innovation ak New York Genome Center (NYGC) pou konstwi yon enkibatè 30,000 pye kare ki gen kapasite pou jiska 30 enstitisyon k ap demare nan syans lavi.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 12: Lansman Pwogram Pwomès New York (“New York Promise”) pou fè vanse Jistis Sosyal e Afime Valè Pwogresiv New York. Pwogram sa a se yon pake refòm fondamantal, san presedan, pou fè vanse prensip jistis sosyal yo, afime valè pwogresiv New York yo, ak yon seri estanda nasyonal pou pwoteje kont tout fòm diskriminasyon.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 13: Kreye yon pwogram pilòt k ap bay 35 milyon dola pou kreye 22,000 plas pou aktivite estraskolè nan katye defavorize atravè eta a.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 14: Redui a 30% Nivo Maksimòm Gaz Toksik Inisyativ Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas Initiative) ant 2020 ak 2030.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 15: Envesti nan pwojè rejyonal toupatou nan New York pou konsantre sou sante ak kwasans minisipalite yo alavni, soti nan aksyon pou prezève swen sante bon mache rive nan aksyon pou fè pwomosyon rekreyasyon iben pou fè pwojè devlopman ekonomik yo pwogrese.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 16: Envesti 500 milyon dola pou devlope inisyativ Buffalo Billion an pou pwofite machin ekonomik ak espri sivik k ap vibre nan Buffalo e nan tout rejyon Lwès New York.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 17: Lanse Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 la (Clean Water Infrastructure of 2017) pou investè yon montan rekò 2 milya dola nan enfrastrikti dlo ki enpòtan anpil nan Eta New York.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 18: Pèmèt plis aksè a sèvis taksi pataje toupatou nan New York. Aktyèlman, yon kantite konpayi taksi pataje fonksyone nan fason reyisi antanke sèvis livrezon nan Vil New York pandan dènye ane ki pase yo, konpayi sa yo pa otorize pou bay sèvis taksi pataje okenn lòt kote ankò nan eta a.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 19: Mete sou pye yon Konkou Antrepriz Fotonik (Photonics Venture Challenge) pou 10 milyon dola nan Rochester. Konkou sa a va ankadre nouvel antrepriz ki mete sou mache a yon seri teknoloji k ap devlope rapid; l ap mete anplas yon pwogram levepye pou antrepriz e l ap ofri yon prim 1 milyon dola bay nouvel antrepriz ki gen plis pwomès lan.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 20: Konplete Hudson River Valley Greenway ak santye Erie Canalway yo apati 2020 pou kapab kreye Santye Empire State lan (Empire State Trail), pi gwo santye miltifonksyon nan nasyon an. Pou kapab reyalize sa, eta a pral devlope 563 kilomèt nouvo santye an twa faz pou kapab kreye yon wout 1207 kilomèt pou mache epi monte bisiklèt sou tout vizyèl enpresyonan yo ak atravè kominote istorik chaman yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 21: Konstwi Transpò Komen ak Sant Devlopman Ekonomik Vil Woodbury a Pwojè a (Woodbury Transit and Economic Development Hub), ki pral kreye 600 djòb, pral agrandi koridò Route 32 a, ranplase pon Route 32 ki pase sou Route 17 lan, rekonfigire bretèl sou otowout New York State Thruway a, epi ajoute yon estasyon bis ki alimante ak enèji solèy ak yon pakin pou pasaje yo ak yon sistèm sikilasyon ki entèkonekte pou amelyore aksè epi pèmèt aktivite komèsyal yo ogmante.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 22: Elaji Prim Ekselans nan Ansèyman Empire State (Empire State Excellence in Teaching Awards) pou kapab onore 60 pwofesè adisyonèl.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 23: Redwi enpo lokatif lè nou bay elektè yo mwayen pou yo apwouve plan ki konsepsyone onivo lokal ki elimine sèvis doub yo pou bese depans onivo gouvènman lokal yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 24: Envesti 160 milyon dola nan pwojè transfòmasyon Long Island. Pwopozisyon an genyen ladan l 120 milyon dola pou LIRR - pou founi anbelisman modèn nan 16 estasyon epi amelyore sistèm konektivite a - ak 40 milyon dola pou konstwi egou k ap sipòte kwasans ekonomik ak dirabilite anviwònmanal nan Smithtown ak Kings Park.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 25: Konstui yon pwojè ewolyen 90 megawat bò lanmè, 30 mil osid Montauk e devlope jiska 2.4 jigawat enèji ewolyèn bò lanmè disi 2030. Pwojè sa a se va pi gwo esplwatasyon ewolyèn bò lanmè nan nasyon an e plan an va trase chimen pou angajman san presedan sa a pou enèji ewolyèn bò lanmè a. L ap fini nan fen 2017.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 26: Konbat kriz ewoyin ak opyòd sou tout ang nan Eta New York e pwofite siksè plizyè lwa Gouvènè a te siyen nan mwadjen. Pwopozisyon yo vize elimine baryè asirans yo epi elaji pi plis aksè a trètman efikas, redwi preskripsyon eksektiv, epi retire fentanyl ak lòt opyoyid sentetik yo nan lari a.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 27: Enplemante pi gwo manda nasyon an pou òganis leta yo achte pwodui ameriken. Anba plan “Achte Ameriken” (“Buy American”) Gouvènè a, yo pral ekzije tout antite leta yo pou bay preferans a prodwi ak byen ke Ameriken fè yo nan nenpòt nouvo apwovizyonman ki plis pase \$100,000. Se pwal pi gwo angajman pou kwasans sektè fabrikasyon an, e pou ankadreman fi ak gasyon k ap travay ladan, toupatou nan nasyon an.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 28: Saab pwal investi 55 milyon dola pou li deplase katye jeneral Amerik Dinò Saab Defense and Security USA, LLC, pou al nan East Syracuse, Konte Onondaga. Demenajman an, an koneksyon ak lòt aktivite ki planifye yo, li pral abouti a kreyasyon prèske 260 nouvo pòs travay nan gwo teknoloji, menm jan ak konsèvasyon mendèv lokal aktyèl Saab la ki gen plis pase 450 anplwaye nan New York Santral.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 29: Kòmanse yon nouvo etid endepandan pou detèmine fezabilite opsyon tinèl pou ranplase ansyen vyadik I-81 lan nan Syracuse.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 30: Bay Ayewopò Entènasyonal Hancock Syracuse la 35.8 milyon dola finansman pou fè avanse transfòmasyon ayewopò a k ap koute 45.1 milyon dola. Envestisman sa a pral fè yon etablisman akayik vin tounen yon sant transpò depwent ki satisfè bezwen vwayajè 21èm syèk yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 31: Devlope endistri chanv endistryiyèl New York la, k ap pran pye, e prezante premye Somè sou Chanv Endistryiyèl ki janm fèt (Industrial Hemp Summit), nan Southern Tier, pou rasanble fabrikan, agrikiltè, moun k ap fè rechèch, ak lòt pati enterese pou idantifye defi ak opòtinite ki genyen pou devlope endistri a e bay ekonomi

agrikòl la yon koutpous toupatou nan eta a.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 32: Akòde 38 milyon dola nan Dezyèm Tou Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition) pou aktive reparasyon 43 milyon dola ayewopò Plattsburgh International Airport nan pasaj avyasyon North Country a.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 33: Proteje moun New York kont pri egzòbitan medikaman preskripsyon konsa: anpeche monte egzajere medikaman preskripsyon nan pwogram Medicaid; enpoze yon siplaman pou fabrikasyon medikaman ki mande pri egzòbitan; epi kontwole entèmedyè nan endistri a pou pwoteje kontribyab yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 34: Lanse Prim pou Sèvis Piblik “Empire Star” (Empire Star Public Service Award) - yon bous 5,000 dola pou devlopman pwofesyonèl anlwaye leta ki distenge tèt yo grasa kontribisyon enpòtan osen gouvènman leta.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

PWOPOZISYON 35: Fè vanse refòm etik solid ak bon gouvènman yo pou ede piblik la re pran konfyans e restore konfyans nan reprezantan eli New York yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418